

Enfòmasyon Enpòtan pou Benefisyè SNAP yo Konsènan Avantaj Mwa Fevriye ou yo

Paske gouvènman federal la bloke, pifò benefisyè SNAP pral resevwa avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) yo pou mwa fevriye bonè.

Si ou te resevwa yon avantaj SNAP nan mwa janvyè epi ou te pwograme pou resevwa SNAP nan mwa fevriye, avantaj fevriye ou yo **ka** disponib sou kat EBT ou nan dat 17 janvyè avan dat li t pwograme pou li disponib pou mwa fevriye a.

Sa a se tout avantaj ou pou mwa fevriye nèt. Sa a pa yon avantaj SNAP pou mwa janvyè. Si ou jwenn avantaj pou fevriye ou yo 17 janvyè, **ou pa pral resevwa okenn avantaj an plis nan mwa fevriye.** Donk, I ap enpòtan pou w kalkile bidjè ou epi depanse avantaj pou fevriye ou yo ak sa nan tèt ou.

Si ou ranpli re-sètifikasyon ou pou avantaj SNAP nan mwa janvyè epi ou pa resevwa avantaj pou fevriye ou yo 17 janvyè, sa pa vle di ou pa pral resevwa yon avantaj pou mwa fevriye. Avantaj pou fevriye yo ta dwe disponib nan dat avantaj ou pou mwa fevriye yo ta dwe disponib nòmalman.

Kounye a, pa gen okenn lòt bagay sou SNAP ki te chanje akòz gouvènman federal la ki bloke a. Tout kondisyon ou kalifye pou pwogram nan rete an plas. Si ou resevwa yon avètisman ak aplikasyon pou r-esètifikasyon, oswa yon fòm rapò peryodik, tanpri ranpli li epi retounen li bay Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services, DSS) Vil New York san pèdi tan pou ou ka kontinye resevwa avantaj SNAP yo pi devan. Obligasyon ou pou deklare chanjman sa yo pa te chanje tou.

N ap kontinye bay enfòmasyon ki ajou sou fason blokis federal ka gen enpak sou avantaj SNAP ou yo sou sit entènèt Biwo Asistans Tanporè ak Asistans pou Andikap la nan www.otda.ny.gov ak nan nyc.gov/hra. Sit entènèt OTDA a gen kèk kesyon moun poze souvan ak repons sou zafè gouvènman federal la ki bloke a.